

# Gid Resous Disleksi (Dyslexia Resource Guide) pou Fanmi Ohio



**Jiska 1 moun sou 5 souffri disleksi atravè lemond!**

## Ki sa ki disleksi?

Disleksi se youn nan twoub aprantisaj ki pi komen. Moun ki gen disleksi gen anpil lot atou, men gen difikilte inatandi pou aprann li. Difikilte sa yo pa gen rapò ak entèlijans oswa motivasyon yon moun. Timoun ki gen disleksi ka aprann li, men sèvo yo travay yon ti jan diferan. Fanmi, pwofesè timoun piti oswa pwofesè jadendanfan se souvan premye moun ki remake ke timoun yo gen difikilte pou pale oswa aprann nan lekòl la. Li enpòtan pou w peye atansyon sou siy potansyèl ke yon timoun ka genyen disleksi. Timoun ki gen disleksi ka montre nenpòt konbinezon siy. Malgre ke yon sèl siy pa nesèsman vle di pitit ou a gen disleksi, li enpòtan pou pale ak pwofesè timoun nan si ou gen inkyetid.

## Ki siy ki montre pitit mwen an ka gen disleksi?

### Lekòl matènèl

- Reta nan aprann pale
- Pwononse mo yo ka yon defi ("pusgetti" pou "spaghetti")
- "Pale tibebe (baby talk)" pèsistan
- Yon antesedan pwoblèm lekti pami paran oswa frè ak sè
- Sonje chan ti moun piti ak chan yo ka yon defi
- Difikilte pou nonmen lèt/nimewo
- Rakonte istwa ki difisil pou swiv

### K-2yèm Ane

- Pa asosye lèt oswa konbinezon lèt ak son
- Son yo soti senp mo tankou cat, map ak nap se yon defi
- Li dousman, li mo mal, oswa li san ekspresyon
- Konfizyon ak koup tankou anvan/apre, dwat/gòch, elatriye

### 3yèm-5yèm Ane

- Souvan devine mo paske yo pa ka pwononse yo
- Pi bon nan reponn kesyon sou tèks la si li li awotvwa
- Difikilte pou pwononse mo kòrèkteman (egzanp "mazine" olye de "magazine")
- Ekri kapab yon defi, avèk erè òtograf ki frekan
- Sote oswa mal li mo kout komen

### 6yèm-12yèm Ane

- Li dousman epi li vin fristre; pa renmen li
- Souvan sote ti mo oswa bliye yon pati nan mo ki pi long lè li awotvwa
- Prefere kesyon chwa miltip pase kesyon ranpli-an-vid oswa lòt kesyon repons kout
- Aprann yon lang etranje kapab yon defi
- Memorize fè, lis oswa direksyon ka difisil

## Ki jan yo teste timoun Ohio pou siy disleksi?

Lekòl Ohio yo teste pou tout siy disleksi nan tout timoun nan Jadendanfan (Kindergarten) oswa Premye Ane (First Grade). Fanmi yo ka mande tès pou disleksi tou nan klas 1-6 (oswa nan men yon pwofesè avèk pèmisyon fanmi an). Si yo teste pitit ou a epi lekòl la idantifye siy disleksi, w ap resevwa kominikasyon nan men lekòl pitit ou a. Pitit ou a ka benefisye de yon revizyon ki pi apwofondi ak plis sipò nan klas la. Sipò adisyonèl sa a rele "[ansèyman literasi estriktire](#)."

Si w ta renmen mande tès depistaj nan lekòl pitit ou a pou w wè si pitit ou a riske genyen disleksi, vizite sitwèb Ohio Statewide Family Engagement Center pou jwenn yon [echantiyon lèt pou demann tès depistaj \(Sample Screening Request Letter\)](#).

## Kisa ki pral chanje nan lekòl la si yo idantifye pitit mwen an gen siy disleksi?

Si pitit ou a montre siy disleksi, lekòl la ap bay sipò nan klas pou matyè akademik yo. Timoun ki gen disleksi kontinye ap aprann nan menm salklas la anvan. Y ap enfòmè w sou sa lekòl la ap fè pou ede pitit ou a nan aprantisaj yo.

Anpil elèv ki gen disleksi, oswa ki sispèk gen disleksi, p ap bezwen sèvis edikasyon espesyal. Si yo bezwen sipò, yo ka fè yon demann pou yon evalyasyon edikasyon espesyal fòmèl nenpòt ki lè. Fanmi yo ka kòmanse pwosesis edikasyon espesyal la lè yo voye yon demann alekri bay pwofesè ak/oswa direktè lekòl pitit yo. Vizite sitwèb Ohio Statewide Family Engagement Center pou jwenn yon [echantiyon lèt pou demann evalyasyon \(Sample Evaluation Request Letter\)](#). Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (The Ohio Department of Education and Workforce) gen [yon Plan Evalyasyon pou Fanmi yo](#), ki se yon pwogram etap ki nesesè pou kòmanse pwosesis edikasyon espesyal la.

## Pitit mwen an gen difikilte. Kouman mwen ka ede yo lakay yo?

Se responsablite lekòl la pou bay pitit ou yon edikasyon piblik gratis e apwopriye, epi oumenm ak fanmi ou se patnè enpòtan nan lekòl pitit ou a. Ou ka mande pwofesè pitit ou a ide sou sa ou ka fè lakay ou, ki konsistan avèk sa yo anseye pitit ou nan lekòl la.

Nou tout aprann yon fason diferan. Nou pral chèche konnen ki jan ou aprann pi byen.



## Kisa mwen ta dwe di pitit mwen an konsènan disleksi?

Rete pozitif li enpòtan. Chak fanmi pral pran yon apwòch diferan pou pale sou disleksi ak pitit yo. Men kèk ide pou ou:

- "Sèvo nou yo tankou misk e nou bezwen pratike itilize yo pou ede yo devlope. Mwen renmen ou, mwen la poum ede ou, menm jan ak pwofesè ou yo."
- "Disleksi vle di sèvo ou ka gen difikilte pou matche lèt ak son. Pwofesè w ap travay avèk ou sou bagay w ap goumen ak yo, epi nou ka eseye tou kèk nan menm bagay sa yo ansanm lakay ou."
- "Èske w konnen konbyen pwoblèm ou te genyen nan lekòl la? Mwen pral pale ak pwofesè ou yo sou sa. Nou tout aprann yon fason diferan. Nou pral chèche konnen ki jan ou aprann pi byen."

- Li kapab bay enspirasyon pou timoun ak granmoun tande egzanp [moun ki gen siksè ak disleksi](#).

### **Ki kote mwen ka ale pou aprann plis sou disleksi ak Lekòl Ohio?**

Kòm toujou, premye ak pi bon resous ou se lekòl pitit ou a. Edikatè Ohio nou yo resevwa fòmasyon nan pi bon estrateji ansèyman pou sipòte tout elèv yo. Lòt gwo resous yo se [Chapit Ohio nan Asosyasyon Disleksi Entènasyonal la](#), ak [Understood.org](#). Ou ka vizite sitwèb Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce's website) tou pou jwenn konsèy ak resous ki pi ajou sou [Sipò Disleksi nan Lekòl Ohio yo \(Dyslexia Supports in Ohio schools\)](#). Si w bezwen yon ti kras plis sipò nan men yon paran/gadyen ki te travay ak lekòl pitit yo, konsidere kontakte youn nan [Mantò Paran Ohio yo](#).

### **Lyen ki Mennen nan Resous yo**

- [Lis Liv sou Disleksi pou Timoun ak Granmoun](#)
- [Egzanp Demann Tès Depistaj Disleksi \(Sample Dyslexia Screening Request\)](#)
- [Moun Popilè Ki Gen Disleksi](#)
- [Egzanp Lis Siy Avètisman Disleksi ki soti de yon Paran Ohio](#)
- [Gid Disleksi \(Dyslexia Guidebook\) Lekòl Ohio Swiv](#)
- [Lwa Sipò pou Disleksi nan Ohio](#)
- [Enfòmasyon sou Disleksi ak Lwa Federal Edikasyon Espesyal](#)
- [Paj Wèb Sipò pou Disleksi Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio \(Ohio Department of Education and Workforce\)](#)
- [International Dyslexia Association's Ohio Chapters \(Chapit Asosyasyon Disleksi Entènasyonal nan Ohio\)](#)
- [Kat Jewografik Paran Mantò Ohio](#)

Mèsi espesyal pou fanmi ak edikatè Ohio yo ki te kolabore ak Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) ak Sant Angajman Fanmi Eta Ohio pou Inivèsite Eta Ohio (Ohio Statewide Family Engagement Center at The Ohio State University) pou devlope gid sa a.

Pou wè vèsyon elektwonik gid sa a, vizite [go.osu.edu/dyslexiaguide](http://go.osu.edu/dyslexiaguide).